**Pou Piblikasyon Imedya:** 04/12/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU NOUVO RÈG ADMINISTRASYON TRUMP LAN K AP SERE KONDISYON YO POU TRAVAY POU AVANTAJ PWOGRAM ÈD ALIMANTÈ SIPLEMANTÈ A

"Avèk chanjman règ sa a, Prezidan Trump ap sèvi avèk yon ajans federal li kontwole pou kontinye atak chokan li an kont Ameriken ki nan plis bezwen yo. Aksyon sa a kontoune volonte Kongrè a epitou fleksibilite eta yo tradisyonèlman genyen pou yo administre èd alimantè, epi li pral lakòz sa vin pi difisil pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki deja ap manje vach anraje.

An nou klè sou sa: Chanjman règleman sa a frèt, san kè ak meprizab - epi malerèzman pa yon sipriz nan men yon administrasyon k ap bay milyonè ak kòporasyon rediksyon enpo ak lòt kado pandan l ap kontinye redui filè pwoteksyon sosyal ki kouvri sa ki pi fèb yo pami nou".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU